

## **AVI POU LOKATÈ KOMÈSYAL:**

Si ou te pèdi revni enpòtan oswa depans ou te ogmante pandan pandemi COVID-19 la, epi ou siyen epi remèt fòm deklarasyon difikilte sa a bay mèt kay ou, yo pa kapab mete w deyò jiska omwen 31 out 2021 paske ou pa peye lwaye oswa paske ou te rete apre ekspirasyon kontra lwaye ou a. Yo ka toujou mete w deyò pou vyolasyon kontra lwaye ou lè ou angaje ou nan yon konpòtman ki pèsistan e san rezon ki vyole itilizasyon ak plezi lòt lokatè oswa okipan oswa ki lakòz yon gwo danje pou sekirite lòt moun.

Si mèt kay ou te ba ou fòm sa a, mèt kay ou dwe ba ou tou yon adrès postal ak adrès imel kote ou ka retounen fòm sa a. Si mèt kay ou a te deja kòmanse yon pwosedi eviksyon kont ou, ou ka retounen fòm sa a swa bay mèt kay ou a, tribinal la, oswa toude nenpòt ki lè. Ou ta dwe kenbe yon kopi oswa foto fòm siyen an pou dosye ou. Ou ap toujou dwe mèt kay la nenpòt lwaye ke ou pa't peye. Ou dwe tou kontwole ak anpil atansyon sa ou te peye ak tout montan ke ou toujou dwe.

Index Number (if known/applicable): \_\_\_\_\_

County and Court (if known/applicable): \_\_\_\_\_


## **DEKLARASYON DIFIKILTE LOKATÈ KOMÈSYAL PANDAN PANDEMI COVID-19 LA.**

Mwen se pwopriyetè, ofisye egzekitif anchèf, prezidan oswa ofisye menm jan (non biznis),

\_\_\_\_\_

kote ou jwenn yon lokatè komèsyal nan (adrès inite komèsyal la)..

\_\_\_\_\_



Biznis mwen rezide nan eta New York, posede ak fonksyone nan fason endepandan, li pa domine nan domèn li, e li anplwaye senkant oswa mwens moun. Biznis mwen gen difikilte finansye, e mwen pa kapab peye lwaye mwen oswa lòt obligasyon finansye ki sou kontra lwaye a an plen oswa jwenn lòt lojman komèsyal ki adapte nan youn oswa plizyè nan sa yo:

1. Gwo pèt revni pandan pandemi COVID-19 la.
2. Ogmantasyon enpòtan nan depans nesèsè ki gen rapò èsonèl [ak founisman ekipman pou pwoteksyon] pou anplwaye yo oswa achte ak enstale lòt ekipman pwotektiv pou anpeche transmisyon COVID-19 nan biznis lan.
3. Depans pou demenajman ak difikilte mwen genyen pou garanti lojman altènativ komèsyal fè li difisil pou biznis lan deplase ale nan yon lòt lokal pandan pandemi COVID-19 la. Nan limit kote biznis lan te pèdi revni oswa depans yo te ogmante, nenpòt ki asistans piblik biznis lan te resevwa depi kòmansman pandemi COVID-19 la pa konplètman konpanse pèt revni biznis la oswa ogmantasyon depans yo.

Mwen konprann ke mwen dwe konfòme ak tout lòt tèm legal dapre lokasyon komèsyal, akò kontra lwaye oswa kontra ki sanble. Anplis Mwen konprann ke frè legal, penalite oswa enterè legal paske m pa peye lwaye an plen oswa te ranpli lòt obligasyon finansye komèsyal jan yo mande sa nan akò kontra lwaye an oswa kontra ki sanble ka toujou chaje oswa kolekte epi yo ka vin mennen a yon jijman monetè kont mwen. Anplis Mwen konprann ke mèt kay mwen an kapab pouswiv yon aksyon eviksyon] aprè 31 out 2021, e ke lalwa ka bay kèk pwoteksyon nan moman sa a ki separe de sa ki disponib atravè deklarasyon sa a.

Siyen: \_\_\_\_\_

Ekri non anlèt detache: \_\_\_\_\_

Date siyen: \_\_\_\_\_

**AVI:** Wap siyen epi soumèt fòm sa a anba penalite lalwa. Sa vle di li ilegal pou fè yon deklarasyon sou fòm sa a ke ou konnen ki fo.